**Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение «Средняя общеобразовательная школа№1 им. М-Г Зульпукарова г. Южно-Сухокумск».»**

# Конспект урока родного языка (аварский) на тему: «Прилагательное» (6 класс)

**Учитель родного языка и литературы:**

**Шарипова Заира Махмудовна**

**13.02.2021 год**

## Тема: Прилагательное.

**Дарсил мурад**: Прилагательноялъул грамматикияб гIаламатал ракIалде щвезаризе; прилагательное лъугьунеб куц баян гьабизе: тексталда прилагательное ратизе; суффиксазул кумекалдалъун прилагательниял лъугьинаризе; хасалихълъиялъул хIакъалъулъ бицине, гьелъие кколел гIаламатал загьир гьабизе.

**Алатал:** Таблицаби, компьютер, тIабигIаталъул суратал, карточкаби, тестал.

## Дарсил ин

**Дарс байбихьи** .

*Такрар гьаби*

А) Цебераг1и.

Хириял лъимал! Жакъа буго нилъер рагьараб дарс. Дарсида гIахьаллъи гьабулеб буго тIаде рачIарал гьалбаз. Аби буго гьобол вачIунареб къо бачIунгегиян. Гьобол гIемерасул гIумру берцинаб бук1унилан абула. Нилъеца гьел киналгоял къабул гьарула. Жакъасеб дарсил тема ккола нилъер каламалъул бутIа прилагательноялда тIасан такрар гьабиялъул дарс. Нилъеца дарсида хал гьабила кинаб даражаялда нилъеда гьеб лъалебали.

Дарсида нилъеца жакъа прилагательноялъул грамматикиял г1аламатал чIезарила ва мисалал рачун бихьизабила.

(3-го цIалдохъанасухъе карточкаби кьела)

- Лъица бицинеб кинаб каламалъул бутIа кколеб прилагательное?

- Щиб гьелъ бихьизабулеб?

- Кинал суалазе жаваблъун бачIунеб?

Баян гьаби: БитIун буго, лъимал. Прилагательноялъ загьир гьабула предметалъул хасият сипат. Кинаб? Кинав? Кинай? Кинал? абурал суалазе жаваблъунги бачIуна.

-РачIа, лъимал, гьал прилагательноязе данде кколел предметиял цIарал ратизе.

ХIеренай , цебесеб , гIагараб , меседилаб , гьуинаб, инсулаб, чармилаб, тIагIамаб.

Гьал прилагательноял жинсгун формаялъулъ кинаб каламалъул бутIагун рекъон ккун бугеб?

(Карточкаби ракIарила)

**Б) ТIасабищул диктант.**

*Прилагательноял ратIа росун хъвазе.*

Гiат1идаб ва бечедаб ВIатан буго нилъер. Нилъер гьайбатаб ВатIаналда руго чIахIиял рохьал, рорхатал мугIрул. МугIруздасан чвахулел руго хехал гIорал. Гьенир рижула тIагIамал пихъал. Рорхатал мугIрузда кванала гIиял. Гьез нилъее кьола кьарияб гьан, беэнаб хIан, тамахаб квас, гьуинаб рахь. РакI пана гьабула нилъер ВатIаналъул тIабигIаталъ.

-Лъимал, тексталда гIемерлъул формаялда ругел прилагательноял рате. (бицун)

ЧIахIиял рохьал, рорхатал мугIрул, хехал гIорал, тIагIамал пихъал.

-Лъимал, цолъул формаялда ругел прилагательноял рате.

ГIатIидаб, бечедаб, гьайбатаб, кьарияб, беэнаб, тамахаб, гьуинаб. -Лъимал, щиб жо кколеб ВатIан?

ВатIан буго щивав чи гIураб ва вижараб бакI. - Нужер ВатIан щиб кколеб?

Нижер ВатIан ккола ЦIобокь-Миякьо, Дагъистан, Россия. - РачIа лъимал нилъеца гьаб кIиябго предметияб цIаралъе данде кколел прилагательноял хъвазин.

Эбел- хIеренай, хIалимай йокьулей, разияй, берцинай, хирияй гIагарай,гурхIулей.

ВатIан- гIагараб, кIудияб, хирияб, берцинаб, бокьулеб, гьайбатаб, бечедаб, чIухIараб.

*Баян:* Лъимал, эбелги ВатIанги ккола инсанасе бищунго гIагарал рагIаби. Гьел рагIабазе ургъарал прилагательноял цоцада релълъарал руго. Гьелъул магIна ккола эбел йокьуларесе ВатIанги бокьуларилан. Эбел цIуни ккола ВатIан цIуни, ялъуни ВатIан цIуни ккола эбел цIуни.

В). Предложениял гIуцIе гьал рагIабигун: эбел, ВатIан.

Хирияб ВатIан цIунизе ккола нилъеца. Дие гIумру кьурай гIадан ккола эбел

- Кинал кицаби лъалел нужеда? (лъалел кицаби рицине)

Г). **Творчествияб халтIи**. (ТIанкIазул бакIалда прилагательноял лъезе, хал гьабизе тексталъулъ ккараб хиса-басиялда)

… роол къоял лъугIана. ТIаде щвана … хасалихълъи. Хасалихъе къоял къокълъула. ГIадамаз … ретIел ретIуна. Милъиршаби … улкабазде унел нухда ратила. ГъутIбуздаса ... , … , … тIанхал гъунел руго. РагIа- ракьан гьечIел гIатIилъабаздасан … гьури пулеб буго. ГIадамаз жидерго ахикьа … бачIин бакIарулеб буго.

Кинаб хиса-баси ккараб тексталда жаниб предметияб цIаргун прилагательное лъураб мехалъ?

-МагIнаялъул рахъалъ текст цIубана.

-ПасихIлъи бачIана.

-Текст берцинлъана.

БIитун буго, лъимал, шагIирзабаз ва хъвадарухъабаз жидерго асарал хъвазе хIалтизарула эпитетал-прилагательноял.

-Гьаб тексталда лъагIалил кинаб заманалъул бищунеб бугеб?

-Хасалихълъиялъул моцIаллъун кинал моцIал колел?

-Кинаб хиса-баси ккolеб тIабигIаталъул?

БитIун буго, лъимал. Гьале жеги нилъеда гьоболлъухъ буго хасалихълъи. Гьелда меседилабилан абула. Щай гурелъудал хасалихълъи ккола кьучIдасанго тIабигIаталъул сурат хисизабулеб лъагIалил заман. Дагьал церегIанцин руччун гIурччинго тIанхазул цIун рукIарал гъутIби тIаса тIанхалги гъенон, янгъизго, бесдаллъун хутулел руго. Сверухълъиялъул хал

гьабураб мехалъ, месед гIодоб хьвараб гIадин, ракьго цIун буго гIажаибал тIанхаз. Аби буго, лъимал, хасалихъе ясал берцинлъулилан.

ГIалхул хIайваналги хасалоялде хIадурлъула хасалихълъиялъул моцIазда. Гьел жидерго рукIназухъ рахчула. Гьез жидеего нахърател гьабула, гIадамазго гIадин.

Д). **Лъимал, хасалихълъиялде рахъарал кинал кучIдул лъалел нужеда**?

« Хасалихълъи » - Р.Хамзатов.

ГIурус поэтазул лъие бищунго бокьулеб букIараб хасалихълъи?

Пушкиние.

Стих-е «Унылая пора»

РачIа, лъимал, гьанже гьаб тексталъул ахирисеб предложениялъе тIубараб синтажисияб разбор гьабизе.

ГIадамаз жидерго ахакьа гьарзаяб бачIин бакIарулеб буго.

(ГIадат, хабар предложениял, тIибитI, тIуб предложениял,бетI. членал: гIадамаз, бакIарулеб буго; бетI гурел членал: жидерго, ахакьа, гьарзаяб).

Е**). Морфологияб разбор (бицун)**

Берцинаб – прилагательное, берцинаб, качест.,гь.ж, цолъул форма.

Меседилаб – прилагатель., Меседилаб, гьоркь. прил. гь.ж, цолъул форма.

Прилагательноял кина-кинал рукIунел? (бицун)

Качествиял, бетергьанлъиялъулал, гьоркьоблъиялъулал.

*Мисалал рече:*

Качествиял Гьоркьосел Бетергьанлъиял

ЦIакъаб Жакъасеб къо Царалаб пакру

Хехав тIалаб ГIарцулаб рачел Инсулаб

ТIагIамаб гIамал Гъоркьисияб сон БацIилл

Эбелалъул бер балагьи

**Фонетикияб разбор.**

Гьарзаяб- 3сл, уд 2сл, рагь. гь [а], [а], [йа]

Рагьукъ- гь [гь] , [р] ,[у] , [к] 7х 8гь.

Ж). **Падежазде сверизе (бицун): тIогьилал тIанхал, кIудияв.**

Прилагательноял падежазде кин сверулел.

Прилагательноял падежазде сверуларо.

Сверула предметияб цIаралъул бакIалда хIалтIизабулаго.

Предметияб цIаргун цадахъ.

Прилагательное кин лъугьунеб?

-ая, -яб,- себ,- суффиксазул кумекалдалъун.

РагIаби журан.

ХIалти 1 гьум 66

ХIалти 4 гьум 67

--Гьал прилагательноязе синонимал ратизе. Кинал рагIабазде синонимал абулеб? (бицун,слайд)

ВатIан – улка.

Бечедаб – гьарзаяб, гIемераб.

Гьайбатаб – берцинаб.

БагIарарал – бухIарал.

ЦIорораб – квачараб.

--Антонимал кинал рагIаби кколел? (бицун,слайд)

Къоял – сардал.

Хинал – квачарал.

Бечедаб – мискинаб.

КIудияб – гьитIинаб.

Рорхатал – тIуцал, лъухъал.

Хехал – хIинцал.

Кьарияб – азараб.

Гьуинаб – цIекIаб.

--РичIчIуларел рагIабазе баян.(слайд)

ГIидра

Гьарзаяб

Кьин

ГIатIилъаби

ТIуцаб.

--РекIеллъеялъул грамматика.

ХIалти 7 гьум. 60.

Ребусал.

ГIебаб.

БецIаб.

ЦIакъаб.

--Гьоркьохъеб жинсалъул ахир бугеб прилагательноял хъван, цIезаре гьал къотIелаб.

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| лъ | и | кI | а | б | х | и | р | и | я | б |
| цI | а | къ | а | б | т | и | р | и | я | б |
| хъ | а | хI | а | б | р | а | з | и | я | б |
| къ | о | къ | а | б | кь | а | р | и | я | б |
| цI | е | кI | а | б | кI | у | д | и | я | б |
| х | е | х | а | б | | | | | | |
| х | и | н | а | б | | | | | | |
| р | и | з | а | б | | | | | | |

**1 «Мини сочинение»**

«Хасалихъе ахикь»

2 ХIалтIи цIализе.

Вывод: Хириял, лъимал, художникас краскабазул кумекалдалъун жидерго сурат къачIалеб гIадин, къачIана нужеца прилагательноялъул кумекалдалъун нужерго хIалтIаби. Прилагательноял рукIинчIелани нилъер калам гьадинаб пасихIаб, берцинаб букIинароан. Р.Хамзатовас жиндирго мацIалде, эбелалде, ВатIаналде бугеб рокьи кин загьир гьабилеб букIараб «ГIагараб» абураб прилагательноял

букIинчIебани .

«ГIагараб авар мацI, дир кинабго бечелъи, кинабго хазина, дир дарман, дир гьаракь.»

**3. Дарсил ахир гьаби.**

Жакъасеб дарсида дида бичIчIана, лъимал,  нужеда гьеб раздел бичIчIун букIин.

Баркала нилъер гьалбазе, дарсиде рачIаралъухъ.

Баркала нужееги дарсида гIахьаллъи гьабуралъухъ.

КъомехлъикI